

KALANDRIYE Aktivite

MPO BAC BCCB CIR TCC

Out

Pagen reyinyon	Mèkredi 11 a 7:00 diswa Sal 301	Pagen reyinyon	Madi 3 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 23 a 2:00 apremidi Sal 302
-------------------	---------------------------------------	-------------------	-----------------------------------	--

Septanm

Jedi 9 a 9:30 dimaten Room 422	Mèkredi 8 a 7:00 diswa Sal 301	Lendi 20 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 7 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 27 a 2:00 apremidi Sal 302
--------------------------------------	--------------------------------------	--	-----------------------------------	--

Oktòb

Jedi 14 a 9:30 dimaten Room 422	Mèkredi 13 a 7:00 diswa Sal 301	Pagen reyinyon	Madi 25 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 25 a 2:00 apremidi Sal 302
---------------------------------------	---------------------------------------	-------------------	------------------------------------	--

Novanm

Jedi 18 a 9:30 dimaten Room 422	Mèkredi 10 a 7:00 diswa Sal 301	Lendi 15 a 2:00 apremidi Sal 422	Pagen reyinyon	Lendi 22 a 2:00 apremidi Sal 302
---------------------------------------	---------------------------------------	--	-------------------	--

Tout reyinyon yo pral fêt nan adrès Governmental Center,
115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi yo ouvri pou publik la.



Akwonim

AADT	Annual Average Daily Traffic Counts	DCA	Department of Community Affairs
APR	Annual Performance Report	DPEP	Department of Planning and Environmental Protection
APTA	American Public Transit Association	DRI	Development of Regional Impact
BAC	Bicycle Advisory Committee	EIS	Environmental Impact Statement
BCCB	Broward County Coordinating Board	EPA	Environmental Protection Agency
BCT	Broward County Transit	FAA	Federal Aviation Authority
BLC	Broward League of Cities	FAC	Florida Administrative Code
BUS	Broward Urban Shuttle	FCTD	Florida Commission Transportation Disadvantaged
CAAA	Clean Air Act Amendment	FDOT	Florida Department of Transportation
CBD	Central Business District	FHWA	Federal Highway Administration
CMA	Congestion Management	FS	Florida Statute
CIR	Community Involvement Roundtable	FTA	Federal Transit Administration
CMAQ	Congestion Mitigation and Air Quality	FY	Fiscal Year
CMS	Congestion Management System	GIS	Geographic Information System
CTC	Community Transportation Coordinator	MPO	Metropolitan Planning Organization
		TCC	Technical Coordinating Committee

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Aktivite Kominotè a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande biblikasyon sa a nan fòma an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enrprime an karaktè bray.

Pou pibleye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward County MPO yo.


BROWARD COUNTY
MPO
METROPOLITAN PLANNING ORGANIZATION



CHINEN DEKOUPÉ

VOLIM 10, nimewo 7

Dezyèm Trimès 2004



K o m i s y o n è Broward County a, Josephus Eggelletion, ak Manm Konsèy Administrasyon Lekòl la, Benjamin Williams – ki se de ansyen elèv nan lekòl Dillard – te la pandan aktivite edikatif la. Dr. Patricia Dixon, ki te genyen pri Direktè Lekòl pou Ane a nan Broward County, pa te manke kontan rezilta yo. Dr. Dixon di: "Sa nou vle fè vre se bay yo (elèv yo) mwayer pou yo aprann, epi pou nou ede yo konprann yo kapab pale tou". Msye Williams, ki li menm tou te yon ansyen pwofesè nan Lekòl Elementè Dillard la, fè wè jan Plan pou Fè Travay Transpò pandan Lontan an (LRTP) mete enpòtans sou pwojè tankou sa ki nan egzèsis la, epi tou jan konsèyiblik la bay dwe konte nan desizyon tankou sa yo. Pwogram edikatif la te yon gwo siksè; yo pral kontinye travay sou li pou prezante I nan lot lekòl.



Ben Williams, Dr. Patricia Dixon, ak Komisyone Josephus Eggelletion

Kididonk, Poukisa Poul la te Janbe Lari a?

Premye kesyon ki pou poze a se kapab: "Eske gen yon lari pou poul la janbe?" Lide sa a te fè Broward County wè pèsonn pa janm twò piti pou aprann, sou kesyon planifikasyon transpò.

Le 3 jen, yon gwoup élèv nan klas katryèm ak senkyèm nan Lekòl Elementè Dillard te patisipe nan inogirasyon yon pwogram edikatif Konsey Administrasyon Broward County MPO a te mete sou pye. Pwoje pilòt sa a se yon pati nan efò MPO ap fè pou mete plis konesans ak patisipasyon nan kominote a sou pwosesis planifikasyon transpò a.

Te gen anpil ri ak bon jan bravo nan aktivite edikatif sa a pou elèv ak pwofesè yo, lè Buddy, yon vватi ki pale epi ki mache sou telekomann, antre nan mitan koze a. Buddy ak konsultan MPO an, Derek Hudson, mete ansanm pou bay elèv yo chans patisipe nan aktivite edikatif yo, sa ki te fè yo anmize tèt yo pandan 1 èdtan ki te enteresan.



Patisipasyon aktif elèv nan jwèt
"Pa Kase Ze a"

Nan yon egzèsis, elèv yo travay pou yo kreye yon egzamp pwojè pou twotwa pyeton nan lekòl yo. Yo bay elèv yo yon bidje, epi elèv yo di ki lajé twotwa pyeton an dwe ye, ak ki kote pou yo mete l.

Nan Nimewo sa a...

- Broward County MPO Mete Sou Pye yon Pwoje Pilòt pou Élev Lekòl Elementè
- Kuumba Sou Plaj
- Jou MPO nan Tallahassee
- Pa Bliye Vizite Bonjan Sit Entènèt nou an!
- Kout Pwojektè sou Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote a(CIR)
- Èske ou te Konnen sa?
- 19yèm Festival Mango ki Fèt Chak Ane
- Kèmès Prentan ak Jou pou Fanmi Pran Plezi nan Lauderhill

NEWSLETTER OF THE BROWARD COUNTY MPO

PERMIT #3973
F.L. LAUDERDALE, FL
PAID
U.S. POSTAGE
FIRST CLASS

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301
METROPOLITAN PLANNING ORGANIZATION
IN PARTNERSHIP WITH THE BROWARD COUNTY BOARD OF COUNTY COMMISSIONERS
BROWARD COUNTY FLORIDA

"METE L NAN LARI A"



Kuumba Sou Plaj

Kuumba se presip kreyativite nan fèt Kwanzaa. Nan Hollywood, Festival Kuumba Sou Plaj ki Fèt chak Ane a te fete kreyativite sou plaj la, jan nou konn fe nan Florid. Nan dat 24 avril ki fenk pase a, 2 mil edmi chimen pou moun mache sou plaj publik la (The Broadwalk) te plen animasyon avèk mizik afriken-karayibeyen, ansanm ak "hip-hop." Travay kiltirèl atis ak atizan, kyòs enfòmasyon, ansanm avek yon egzibisyon oto ak motosiklet te aliyen sou kote Broadwalk la. Moun ki t ap vizite ak moun ki rete nan zòn lan te pran kont plezi yo nan tout aktivite sa yo, anplis ak nan manje egzotik, ak demonstrasyon dans.

Broward County MPO a te sèvi avèk Estasyon Enfòmasyon Mobil (MIS) la, ki te estasyonnen sou kote Hollywood Boardwalk la. Anplwaye MPO yo te distribiye papye dokimantasyon, ti papye katon pou make kote w rive nan yon liv, ti jounal, Gid pou Sitwayen, ak evantay pou moun te kapab fè frechè. Anpil moun ki te vin nan festival la te reponn kesyonè sou transpò MPO te bay la, epi yo te ankorage tout vizitè pou monte nan MIS la pou gade afich enfòmasyon MPO yo, epi pou fè yon chita pale sou pwoblèm transpò.

Pwen ki te pi enpòtan nan chita pale sa yo se te sèvis otobis, konstriksyon wout, ak chimen pou bisiklèt. Moun te pote anpil bon jan lide tankou yon pi bon kowòdinasyon nan lè ak wout otobis yo, pou publik la kapab transfere san pèdi tan nan pamti otobis Konte a ak otobis lokal yo. Anpil moun ki monte bisiklèt te kapab wè jan MPO dako pou genyen ti wout tou nèf ki gen plant arebo yo, ansanm ak chimen pou bisiklèt nan tout Broward County.



JOU MPO NAN TALLAHASSEE

Richard J. Kaplan,
Direktè MPO,
Majistra,
Vil Lauderhill

Ki sa yon pwojè lwa sanble lè yo adopte l? Pou nenpòt ki moun, se sa ki pi enpòtan nan pwosesis lejislatif la. MPO nan Broward County a oblige patisipe nan tout etap ki enpòtan anpil yo anvan yon pwoje lwa adopte, pou l bay Eta a rekòmandasyon ak pwoteje enterè publik la.

Nan dat 22 avril 2004, Broward County MPO te mete avèk 25 lòt MPO nan rès Eta a, ansanm ak Depatman Transpò Florid (FDOT), anplis ak lòt patnè ki fè transpò tou, pou òganize yon dezyèm an Jou MPO nan Tallahassee .

Yo fete jou MPO a chak ane nan Capitol Court-yard la, pou montre manm nan Kongrè Florid yo travay MPO yo gen pou fè, pou fè publisite sou sa MPO yo reyalize, epi pou bay rekòmandasyon ak egzèse enflyans sou lwa ki pral pran sou aktivite transpò.

Yo fè espri pou fete jou sa a byen ta nan sesyon lejislatif la. Se lè sa yo gen pou regle anpil nan pwoblèm transpò ki dwe rezoud anvan ane a fini, epi k ap rive pandan tan sa a. Kòm Direktè Broward MPO, se travay mwen ansanm ak yon gwo onè pou mwen pou m di nou, nou menm publik la, òganizasyon nou an pral kontinye reprezante Broward County epi ankouraje inisyativ ki bon pou anviwonnan an, ansanm ak planifikasyon ki pou sèvi nou. Fè nou konnen sa ou ta gen pou w di!

PA BLIYE VIZITE BON JAN SIT ENTÈNÈT NOU AN! N ap Fè Rapò sou Aktivite MPO yo

Nan efò Broward County MPO ap kontinye fè pou pote bon jan enfòmasyon bay publik la, sit Entènèt MPO a ap ede anpil pou sensibilize moun sou kesyon an. Broward County MPO a fè sit la vin bay pi bon enfòmasyon toujou, avèk chanjman li fè nan Paj Konsèy Administrasyon Broward County MPO a, nan aktivite pou kontakte kominote yo, epi li mete anplis yon paj aktivite pou timoun ki rele "Paj Timoun" (Alo Timoun Yo!)

Paj Manm Konsèy Administrasyon Broward County MPO a se yon zouti enfòmasyon pou publik la. Ou kapab sèvi ak paj sa a ki bay enfòmasyon sou MPO a pou w wè ki moun ki reprezante kominote w la nan Konsèy la. Avèk jan yo fè pòtre manm yo parèt pi byen an, li vin pi fasil pou w kapab rekonèt figi yon moun lè w wè non l.

Yon lòt travay enpòtan pou Broward County MPO a se pou sensibilize publik la sou MPO ak sou wòl òganizasyon an nan kominote a. Aktivite espesyal se youn nan bon jan pou kontakte publik la. MPO ap fè gwo efò pou mete koze a nan lari, epi l ap fè anpil atansyon pou sèvi kominote ki neglige yo nan Broward County. Pa blye gade paj tou nèf ki rele Mete I nan Lari a ak Patisipe yo.

Paj Patisipe ki nan sit Entènèt la kapab ede moun ki enterese pou yo bay bon jan patisipasyon nan pwosesis planifikasyon an. Zòn sa a nan sit la gen enfòmasyon itil sou differan komite konseye k ap ede Broward County MPO nan jan l ap pran desizyon sou sa ki pral fèt pi devan nan Broward County. W ap jwenn tout enfòmasyon sou reyinyon yo ak kote yo pral fèt nan paj sa a.

Paj Timoun lan se pati ki pi kreyatif yo mete anplis nan sit Entènèt la. Enfòmasyon ki nan Broward County MPO a fèt pou timoun, epi li genyen enfòmasyon bazik sou planifikasyon transpò. Paj la genyen aktivite pou amizman tankou yon "Mega Word Maze," ansanm ak kesyonè MPO a ki ekri pou timoun, epi kèk ti konsey pou sekrite nan transpò. Paj Timoun lan se yon bon zouti pou pwofesè lekòl, papa ak manman, oswa nenpòt ki lòt moun k ap eseye bay timoun enfòmasyon sou sa Broward County MPO fè.



KOUT PWOJEKTÈ SOU TAB WOON POU PATISIPASYON NAN KOMINOTE A (CIR)

CIR Bay Limyè sou Pwoje Transpò nan Zòn Broward County a

Anpil moun nan Broward County kapab bay bon jan repos sou planifikasyon transpò, men pa gen okenn ladan yo ki kapab esplike pwosesis la menm jan John Rude, ki se Direktè Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote (CIR) a, jwenn pou l esplike l la. Li antre fon anpil nan pwosesis la, epi li gade chak pwojè transpò ak planifikasyon tankou yon fenèt ki ouvri sou demen.

Msye Rude, ki se yon manm CIR depi 10 an, te di: "Kisa Broward County pral sanble nan 30 an? Pèsonn pa ta Jam' kapab kwe ti Konte trankil kote touris te konn vini a nan ane 60 ak 70 yo ta kapab tounen jan l ye a jodi a." Li bay egzamp pwojè ki te mete anpil tan pou yo derape, men ki pran vitès ak fòs nan pamti publik la pandan tan ap pase, pou montre kouman pwosesis la mache.

CIR la gen reprezantan ak manm publik la ki enterese nan pwosesis planifikasyon transpò. Yo fè publisite sou jan pou fè sistèm transpò Broward County vin pi bon. Travay yo tou, se tande sa publik la genyen pou l di. Menm si li kapab difisil pou fè tout travay sa a nan 1 èdtan edmi, nan yon reyinyon ki fèt yon fwa pa mwa, CIR la pase anpil tan sou "wou pwogrè" a, jan John renmen di.

Gwoup sa a se yon komite konseye pou ofisyèl k ap pran desizyon nan Broward County MPO. CIR la gen pou l gade tout sa ki nan gwo pil papye ki gen rapò avèk chak pwojè transpò. Pwojè sa yo pa rete chita sou kesyon transpò sèlman. Genyen anpil kesyon konplike sou anviwonnan, ansanm ak evalyasyon bezwen ki dwe rezoud avan yo mete lajan nan nenpòt ki pwoje.

CIR la fè analiz, epi li ede Broward County MPO mete sou pye planifikasyon transpò ak pwogram ki pote

ÈSKE OU TE KONNEN SA?

- Moun ki rete nan vil pase yon mwayenn 62 èdtan chak ane nan anboutejay. Sa fè 62 èdtan ou pase san ou pa ka deplase, epi sèl sa w ap fè se gade plak oto ki devan w lan, pandan w ap fè move san youn apre lòt, sou granwout yo. Trafik la pa bon nan tout peyi Etazini – epi li pral vin pi mal ankò. Transpò publik pèmet moun ki pral travay pran tan sa a pou yo li, pou yo pale ak lòt pasaje, pase pou yo kondwi poukont yo.
- Depi 1970, mileyaj pou ale nan travay ap kontinye monte 9 pousan chak ane, men kapasite wout yo monte sèlman 5 pousan antout pandan menm kantite tan sa a.



chanjman nan anviwonnan vil ki nan Konte yo. Gwoup la gade tou e n p a k planifikasyon ak pwogram sa yo pral genyen sou kominote lokal yo.

CIR la toujou ap chache moun oswa òganizasyon ki enterese antre nan komite a, oswa vin asiste reyinyon ki planifye yo. Reyinyon yo fèt premye madi nan chak mwa, nan 115 South Andrews Avenue, nan Governmental Center Building, Sal 430, a 6:30 diswa. Tout moun gen dwa vini nan reyinyon yo, epi publik la ankouraje patisipe!

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab patisipe, vizite www.broward.org/mpo oswa kontakte anplwaye MPO yo nan (954) 357-6608.

19yèm FESTIVAL MANGO KI FÈT CHAK ANE

Nan 19yèm Festival Mango ki Fèt chak Ane a, vizitè nan Deerfield Beach ak moun ki rete nan zòn lan te rekonèt valè mizik ak plizyè kilti, epi tou yo te gen yon chans pou patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò nan Broward County a. Anplwaye Broward County MPO yo te la lè aktivite a t ap fèt nan dat 19 jen 2004 la, pou reponn kesyon sou planifikasyon transpò epi resevwa enfòmasyon ki moun ki te nan festival la bay yo. Moun ki te nan festival la te reyisi chape gwo chalè ete a pandan yo t ap reponn kesyonè nan kyòs kote yo afiche enfòmasyon Broward County MPO a, anba tant Estasyon Enfòmasyon Mobil (MIS) la.

Anpil moun ki te vin nan festival la se te vizitè ki te soti tou pre nan lòt Konte nan Sid Florid, epi ki te montre yo enterese nan jan pou konekte transpò rejonalyak ak kominote tankou enstalasyon pou bisiklèt ak pyeton, Tri-Rail, ak lè pou otobis. Keson anboutejay la te yon pwoblèm pou tout m o u n .

Preske 41 moun te reponn kesyonè ekri a.



"METE L NAN LARI A"



Kèmès Prentan ak Jou pou Fanmi Pran Plezi nan Lauderhill

Lè fanmi nan Lauderhill yo te reyini nan estadyòm Vil la pou patisipe nan Kèmès Prentan ak Jou pou Fanmi Pran Plezi ki fèt chak ane a, yo pa te konnen yo ta pral jwenn yon chans tou pou patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò pou zòn Broward County a. Nan aktivite sa a ki te fèt 3 avril la, moun te kontan wè anplwaye pou patisipasyon kominote Broward County MPO yo ak espozisyon l lan.

Prèske 80 patisipan te pran tan pou reponn kesyonè ekri sou planifikasyon transpò Broward County MPO te bay la. Nan pamti pwoblèm moun te pale yo, te gen anboutejay, bezwen pou transpò publik, ansanm ak enstalasyon pou bisiklèt.

Broward County MPO patisipe nan pakèt aktivite ak festival ki fèt nan Broward County yo, se konsa li fè plis moun nan kominote ki nan tout Konte a patisipe tou. Objektif la se ede publik la aprann ki sa MPO a fè, pandan moun ap jwenn chans ak enfòmasyon yo bezwen pou yo kapab gen bon jan patisipasyon nan pwosesis planifikasyon transpò a.

Aktivite katye tankou Kèmès Prentan ak Jou pou Fanmi Pran Plezi nan Lauderhill bay moun ki rete nan Broward County yo yon chans amplis pou yo di MPO ki pwoblèm transpò yo genyen.

